

Ekspozisyon Prenatal Nan Plon

Kapab Evite

Yon paran ka pase plon bay tibebe ki nan vant li an, men sa kapab evite a 100%.

Lè yon moun ansent ekspoze nan plon, sa ka mennen nan tansyon ki wo, tibebe afèt twò bonè, ralanti kwasans tibebe a, oswa menm foskouch.

Lè yon tibebe ekspoze nan plon anvan li fèt, devlopman sèvo li kapab afekte. Aprann plis enfòmasyon sou risk ekspozisyon, ak fason pou pwoteje kont plon pou ou menm ak tibebe w la.

Evalyasyon Risk pou Plon: Founisè w la gen kesyon espesifik ki ka ede li detèmine si ou gen risk ekspozisyon nan plon.

Anpwazònman nan plon ka lakòz pwoblèm grav pandan gwosès la pou ou menm aktibebe nan vant ou an. Men kèk konsèy efikas pou ede pwoteje kont anpwazònman nan plon:

- ▶ Manje yon rejim ekilibre ak manje ki rich ak kalsyòm ak fè (pa egzanp, lèt, yogurt, pwa ak vyann wouj mèg).
- ▶ Pa manje oswa mete bouch ou sou bagay ki pa manje, tankou ajil, tè, potri oswa ekla penti.
- ▶ Evite zòn nan kay la kote renovasyon/repairasyon ap fèt si w ap viv nan yon kay ki te bati anvan 1978. Pousyè ki kreye pandan travay la ka gen plon ladan li.
- ▶ Evite itilize pwodui ki ka gen nivo plon ki wo, tankou kohl, kajal, surma, ak sindoor.
- ▶ Evite manje sirèt, epis ak manje ki te achte nan lòt peyi. Atik sa yo ka gen plon ladan yo.
- ▶ Evite itilize chodyè ak asyèt an ajil enpòte pou kuit manje, sèvi oswa konsève manje.
- ▶ Pa itilize potri ki kase oswa fele.
- ▶ Evite travay oswa pastan ki ka enplike ekspozisyon nan plon, tankou reparasyon pon; pentire kay oswa renovasyon; reparasyon otomobil oswa elektwonik; oswa travay ak zam afe, bijou, potri oswa vitrail.
- ▶ Yon fwa tibebe w la fèt, li ta dwe fè tèspou ekspozisyon nan plon chak ane ant 9 a 35 mwa.



Vizite www.ct.gov/dph/preventlead pou plis enfòmasyon.